ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫ ҲӘКИМИ
Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ҚОНЛИКЎЛ ТУМАНИ ҲОКИМИ
Қ А Р О Р И

Қанлыкөл посёлкасы **Қонликўл шаҳарчаси**

№92/01 **«22» январь 2018-жыл**

Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб үскенелерин техник көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл 6-декабрьдеги 345-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигиниң Машина ҳәм әсбап-үскенелериниң техника жағдайын қадағалаў мәмлекетлик бас инспекциясы ҳаққында»ғы Реже, Өзбекстан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министриниң 2013-жыл 2-апрельдеги 58-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб-үскенелерин техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге тийкарланып ҳәмде районда 2018-жыл аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлерин ҳәр жыллық техникалық көриктен өткериў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Райондағы мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан кәрхана, машина-трактор парклери, альтернативлик машина-трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм оларды техникалық көриктен өткериў кестеси 1-қосымшаға, техникалық көриктен өткериў бойынша комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық аўыл хожалық техникалары бойынша «Мәмлекетлик техника қадағалаў» инспекторы (А.Абдинаймов);

мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалық ҳәм мелиоратив, жол қурылыс техника қураллары, машина әсбап-үскенелерди жыллық техникалық көриктен өткериў ҳаққындағы кестени юридикалық ҳәм физикалық шахсларға жеткериў;

техникалық көриктен өткен техникаларды баянламалар тийкарында ислеўге рухсат бериў, шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Барлық кәрхана, шөлкем, машина-трактор парклери, альтернатив машина-трактор парклери, фермер хожалықлары басшыларына;

есапта бар болған аўыл хожалық ҳәм мелиоратив жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ушын таярлап, белгиленген майданшаларға жыйнаў ҳәм техникалық көрикке тийисли төлемлердиң төлениўин тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Район ҳәкиминиң биринши орынбасарына (А.Абдразаков) ҳәм районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлимине (Ж.Наметуллаев) райондағы кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки акционерлик жәмийети, альтернативлик машина трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған мүлкшилик түрине қарамастан аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив, жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм олардың техникалық жағдайын техникалық көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги тәртиплерге тийкарланып әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Қанлыкөл районы ҳәкиминиң 2017-жыл 9-август күнги «Қанлыкөл районы аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб үскенелерин техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы 1010/8-санлы «Қанлыкөл хабарлары» газетасының 2017-жыл 20-август күнги 8-санында жәрияланған шешими 2018-жыл 11-январь күнинен өз күшин жойытқан деп есапланысын.

6. Бул шешим районлық «Қанлыкөл хабарлары» газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары А.Абдразаков ҳәм районлық Аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы Ж.Наметуллаевларға жүклетилсин.

8. Бул шешим «Қанлыкөл хабарлары» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким: **М.Қосназаров**